# QOŃÍRAT RAYONÍNÍŃ TÁBIYǴÍY GEOGRAFIYALÍQ SHARAYATÍ

**Tolıbayeva Nurzada Elbaevna**
*QMU erkin izleniwshi*
nurzadatolibaeva40@gmail.com

**Annotaciya**. *Maqalada Qońırat rayonınıń jaylasqan ornı, geologiyalıq dúzilisi hám relyefi tuwralı maǵlıwmatlar berilgen. Sonday-aq, shegaraları boyınsha maǵlıwmatlar keltirilgen. Rayon tariyxına qatnaslı pikirler talqıǵa tartılǵan.*

**Tayanısh sózler**: *Qaraqalpaqstan Respublikası, Qońırat rayonı, territoriya, geologiya, relyef, plato, shegara.*

**Annotatsiya**. *Maqolada Qo'n'g'irot tumaninig joylashuv o'rni, geologik tuzulishi va relyefi to'g'risida ma'lumotlar berilgan. Shuningdek, chegaralari bo'yicha ma'lumotlar keltirilgan. Tuman tarixiga bog'liq fikrlar tahlilga tortilgan.*

**Tayanch so'zlar:** *Qoraqalpog'iston Respublikasi, Qo'n'g'irot tumani, territoriya, geologiya, relyef, plato, chegara.*

**Аннотация**. *В статье дается информация о местонахождении, геологическом строении и рельефе Кунградского района. Также представлена информация о границах. К анализу были привлечены мнения, связанные с историей района.*

**Ключевые слова:** *Республика Каракалпакстан, Кунградский район, территория, геология, рельеф, плато, граница.*

**Annotation**. *The article provides information about the location, geological structure and relief of the Kungradsky district. Information about the boundaries is also provided. Opinions related to the history of the district were involved in the analysis.*

**Keywords**: *Republic of Karakalpakstan, Kungrad district, territory, geology, relief, plateau, border.*

Qońırat rayonı - Qaraqalpaqstan Respublikasınıń paytaxtı Nókis qalasınan 112 km aralıqta jaylasqan, jer maydanı 76,00 mıń km kv. Qońırat rayonınıń xalqı 2012 jıl 1-yanvar maǵlıwmatı boyınsha 115,5 mıń adamnan artıq.

Qońırat rayonınıń territoriyası úlken Ústirtlik hám kishirek tegislik bólimi menen quraladı. Qońırat rayonınıń territoriyası házirgi Ámiwdárya deltasınıń, arqa-batıs bólimin hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Ústirt boyınsha arqa jaǵında Qazaqstannıń Aqtóbe oblastı , arqa batısında Qazaqstan Respublikasın Manǵıshlaq oblastı menen shegaralasadı. Ústirttiń túslik, túslik-shıǵısında Túrkmenstan respublikası menen shegaralasadı. Tegislik bóliminiń arqa jaǵında Moynaq rayonı menen shegaralasadı. Túsliginde Qanlıkól rayonı menen, Túslik shıǵısında Ámiwdárya arqalı Kegeyli rayonları menen shegeralasadı. Qońırat rayonı

Qaraqalpaqstan respublikasınıń úshten bir bóliminen artıǵıraq yaǵnıy 37% territoriyasın iyeleydi. Sonıń ushın da, bul rayonnıń tábiyǵıy sháráyatları hám resursları respublikamızdıń basqa rayonlarına salıstırǵanda aytarlıqtay ózgeshe.

Orta Aziya onıń orayında jaylasqan Turan oypatlıǵı palezoydan baslap úshlemshi dáwirdiń ortasına shekem "Tegis" dep atalǵan Jer orta teńiziniń basseyni bolǵanı bizge geologiyadan belgili. Joqarǵı úshlemshi dáwirde Turan oypatı áste aqırın kóterile baslaydı, nátiyjede teńiz batısqa qaray sheginip, tórtlemshi dáwirge kelgende bir qansha basseynlerge bólinedi. Sol basseynlerdiń biri Aral, Kaspiy bolıp tabıladı. Tórtlemshi dáwirde suw basseynlerdiń maydanı kemeyip, Aral teńizi Kaspiy teńizi menen tutasıp turǵan, hám onıń suwınıń biyik qáddi házirgisinen joqarı kóterilmegen. Biraq tek házirgisinen azlap ǵana kóbirek maydandı iyelegen. Aral teńiziniń batıs jaǵalawınıń ayırması házirgisinen az bolǵan. Ústirt ol waqıtta yarım ataw bolǵan.

Ol waqıtta Ámiwdárya Aral teńizine quymaǵan. Ámiwdárya tórtlemshi muz basıw dáwirine shekem (10-15 mıń jıl burın) Sarıqamısqa hám áseke suwdan oypatın toltırǵan. Dáryanıń barlıq suwın qabıl ete almaǵanlıqtan suwdıń besten bir bólimi Uzboy arqalı Kaspiy teńizine quyıp turǵan.

Ámiwdáryanıń mudamı oń jaǵasın jemiriwi nátiyjesinde dárya ońǵa qaray burılıp ketken.

Bunnan 15 mıń jıl burın Ámiwdárya birotala Aral teńizine quyǵan. Sol dáwirden baslap Ámiwdáryanıń deltanıń qáliplesiwi elege shekem dawam etpekte.

Qońırat rayonınıń territoriyası relefi jaǵınan, bir-birinen keskin parıq etetuǵın, Ústirt platosı hám tegislik bóliminen ibarat.

Ústirt platosı, bul biyik kóterilgen tegislik. Plato barlıq tárepinen derlik shıń dep atalǵan, tik qulamalar menen qorshalǵan. Shıńlardıń absolyut biyiklikleri eń kóterińkilegen biyikliklerinde 300 metr hám onnan da artıǵıraq. Ústingi jaǵınan plato neogen izvesnyakları hám basqada shógindi jınıslardan quralǵan jatıqlaw qatlamlarǵa iye. Ústirttiń geologiyalıq strukturasınıń sirtqi kórinisi, onıń ústiniń ciomalı tolqın tárezli bolıwı esaplanadı. Relefiniń aytarlıqtay teris formaları, shorları hám qum massivleri menen arqa-Ústirt oypatlıǵı, shorli Barsa-kelmes oypat, Sarıqamıs kóline qarap ashılatuǵın Áseke – awdan oypatlıǵı hám taǵı basqalardan ibarat. Barsa-kelmestiń arqa batısında Sarmat izvestnyaklarında, releftiń kraslıq formaları rawajlanǵan. Tereńlikleri 12 metrge jetetuǵın hár túrli oqpanlardan, shuqırlardan ibarat. Sonıń menen qatar Ústirt platosı paydalı qazılma baylıqlarǵa bay. Paydalı qazılmaların neft, gaz hám taǵı basqa da paydalı qazılmaları bar. Sońǵı jılları alıp barılǵan neft izlew jumısları nátiyjesinde Ústirt platosında gazdiń, nefttiń úlken kóp orınları ashıladı. Geologiyalıq, geofizikalıq jumıslar júrgiziwdiń nátiyjesinde Ústirt platosında Shaqpaqtı hám Quwanısh qusaǵan gaz kánleriniń úlken orınları ashıldı. Bul jerdegi janıwshı gazdiń ulıwma zapası, keyingi maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 70-90 millyard $m^3$ quraydı. Ústirtte tas kómir qazılma baylıqları da bar. Biraq olar 1500

metr tereńlikte jaylasqan. Tas kómir sonıń ushında óndirilmeydi, tek prognozlıq zapas retinde esapqa alınǵan.

As duzınıń káni Ústirtte neogen dáwiri jatqızıqlarında payda bolǵan. Tiykarǵı sanaatlıq áhmiyetke iye kán orınları Barsa-kelmes, Qarawımbet duzlı kánleri bolıp esaplanadı.

Sonıń ishinde sanaattıń áhmiyetli úlken duz káni Barsa-kelmes qazan shuqırı bolıp, onıń eni 70-72 km, uzunlıǵı 78 km, al tereńligi 30-60 metr.

Ústirtte qurılıs materiallarınan izvestnyak, por, mergel, glinogips hám taǵı basqaları bar.

Neogen dáwiriniń izvestnyakları Ústirt platosınıń barlıq jerin qaplap atır. Házirgi waqıtta avtomobil jollarınıń qurılısında hám jaylardıń fundamentin salǵanda keńnen qollanadı. Ústirttegi izvestyaklardıń zapasları praktikalıq jaqtan tawsılmaydı.

Ústirttiń shıǵıs shıńlarında por keń tarqalǵan. Xalıq xojalıǵında por tiykarınan úsh baǵdarda qollanıladı: kraska tayarlawda, qaǵaz óndirisinde, rezinka hám taǵı basqa hám sonıń menen birge awıl xojalıǵında topıraqtı izvestkalaw ushın qollanıladı.

Territoriyanıń tegislik bólimi Ámiwdárya deltasınıń arqa-batıs bólimin iyeleydi. Bul tegislik Ámiwdaryanıń uyıǵınan payda bolǵan alyuviyal, delta tegisligi bolıp esaplanadı. Rayon territoriyasınıń bul bólimi óziniń ayrıqsha tegisligi menen ayırılıp onıń tegislik xarakterinde Qońırat qalasınıń arqa jaǵında Qızıl jar Ústirtligine shekem shaqalanıp ketken suwǵarıw sistemaları tegislik xarakterin buzadı, ulıwma deltanıń sonıń ishinde Qońırat rayonınıń tegislik bólimi strukturalıq jaqtan tereń oypat bolıp, ol tórtlemshi dáwirden baslap, delta jatqızıqları menen tolǵan. Rayonniń tegislik bólimi territoriyasınıń barlıq jeri alyuviyal hám kóp jatqızıqları menen qaplanǵan. ol jatqızıqlar kóp muǵdarlı liyos tárezli shógindi qum, saz hám sazlardan ibarat. Sazlı hám qum sazlı maydanlardıń kóplegen jerlerinde qumlı jatqızıqlarǵa iye uchastkalarda ushırasadı. Ásirese onday uchastkalar jiyi kóp sanlı bolıp ushırasatuǵın, áyyemgi hám qoltıq arnalar ózekler hám kanallardı boylap tarqalǵan. Bunday qumlar samaldıń tásirinde relyeftiń eiol formaların payda etedi.

**Ádebiyatlar:**

1. Суперанская А.В. и др. Теория и методика ономастических исследований. –М.,
Издательство ЛКИ, 2007. -256 с.
2. Эназаров Т. ва бошқалар. Ўзбек номшунослиги. – Тошкент: Наврўз, 2015. - 224 б.
3. Никонов В.А. Введение в топонимику. –М., Издательство ЛКИ, 2011. -184 с.
4. Әбдирахманов А. Топонимика және этимология. – Павлодар: 2010. 240 б.

5. Абрамзон С.М. К семантике киргизских этнонимов//Советская этнография. – М. –Л., 1946, №3. -С. 129

6. Нафасов Т. Ўзбекистон топонимларининг изоҳли луғати. –Т., 1988. -Б. 261-262